



Kisa monkeypox la ye?

Monkeypox se yon maladi ra ki koze pa enfeksyon ak viris monkeypox la. Anjeneral li kòmanse ak sentòm grip ak anflamasyon gangliyon lenfatik yo. Yon gratèl nan figi oswa nan kò a ka parèt kèk jou apre.

Depi me 2022 a, gen plizyè ka monkeypox yo te jwenn nan peyi ki nòmalman pa genyen yo, tankou Etazini. Ka yo sanble ap pwopaje atravè kontak sere pami moun ki nan rezo seksyèl ak sosyal epi yo te obsève pami gason ki fè sèks ak gason.

Bệnh đậu mùa khỉ lây từ người này sang người khác khi tiếp xúc gần gũi với thân thể và bất kỳ ai tiếp xúc gần gũi thân thể với người bị bệnh đậu mùa khỉ đều có nguy cơ mắc bệnh.

Kijan monkeypox pwopaje?

Monkeypox se pa yon maladi omoseksyèl. Risk pou monkeypox pa limite a moun ki aktif seksyèlman oswa gason ki fè sèks ak gason. Nenpòt moun ka trape oswa transmèt monkeypox (varòl senj). Monkeypox pwopaje de moun a moun atravè kontak fizik sere, epi nenpòt moun ki gen kontak fizik sere ak yon moun ki gen monkeypox nan risk. Monkeypox ka pwopaje bay nenpòt moun atravè kontak sere, souvan po a po, tankou:

- Kontak dirèk ak gratèl monkeypox, maleng oswa kwout.
- Kontak seksyèl tout kalite oswa touche pati jenital yo oswa twou dèyè yon moun ki gen monkeypox.
- Anbrase, bay masaj, bo.
- Pale pre atravè ti gout respiratwa oswa likid oral ki soti nan yon moun ki gen monkeypox.
- Kontak ak objè tankou rad, litri, jwèt sèks, oswa sèvyèt.
- Sifas ki itilize pa yon moun ki gen monkeypox.

Yon moun ki gen monkeypox konsidere kòm enfektye depi nan konmansman sentòm yo. Yo ka rete konsa jiskaske maleng yo gen kwout, fè kal, tonbe, epi yon kouch fre an sante fòme anba. Sa ka souvan pran plizyè semèn.

Kisa sentòm monkeypox yo ye?

Sentòm yo anjeneral kòmanse ak:

- Lafyèb
- Maltèt
- Doule nan misk
- Do fè mal
- Gangliyon lenfatik anfle
- Sansasyon jeneral malèz ak fatig.

Nan 1 a 3 jou (pafwa pi lontan) apre kòmansman yon lafyèb, yon gratèl ka kòmanse ki sanble ak boul, bouton oswa maleng ki plen likid. Gratèl la ka fè mal epi maleng yo ka varye de kèk a anpil. Yo souvan parèt an premye sou figi a, men pafwa alantou pati jenital yo oswa twou dèyè, epi yo kapab konfonn ak sifilis, èpès, ak lòt enfeksyon seksyèlman transmisib. Evantyèlman, boul yo fè kwout, tounen kal epi tonbe. Pifò moun retabli konplètman apre 2-4 semèn.

Èske gen tretman pou monkeypox?

Pa gen tretman ki apwouve pou monkeypox. Sepandan, vaksen kont varòl ak tretman antiviral yo ka itilize pou anpeche epi trete enfeksyon.

Kisa k ap fèt pou anpeche maladi sa a pwopaje?

Priyosite nou se sansibilize rezidan, kominote, ak patnè swen sante nou yo sou monkeypox. Sa enpòtan paske:

1. Moun ki enfekte yo ka remake sentòm yo byen bonè, rete lwen lòt moun, epi chèche swen lakay yon founisè swen sante.
2. Otorite sante piblik ak founisè medikal yo ka idantifye ka yo byen bonè epi avèti kontak sere yo pou yo ka pran vaksen pou anpeche enfeksyon.
3. Moun ka aprann kijan pou pwoteje tèt pou yo pa enfekte.

Kisa moun ka fè pou pwoteje tèt yo ak lòt moun pou yo pa enfekte ak monkeypox?

- Evite kontak fizik ak seksyèl ak nenpòt moun ki gen yon nouvo gratèl oswa maleng oswa ki santi li malad.
- Pale ak patnè w yo sou dènye maladi.
- Veye blesi oswa gratèl ki nouvo oswa ki pa eksplike sou kò w oswa kò patnè w la, ki enkli pati jenital yo ak twou dèyè.
- Evite touche nenpòt gratèl oswa maleng sou lòt moun.
- Minimize kontak po a po, sitou si w ap patisipe nan rav, fèt, oswa gwo evènman.

Si ou santi w malad, gen yon nouvo gratèl, oswa panse ou ka gen yon enfeksyon monkeypox:

- Rete lakay ou, rete lwen lòt moun, epi chèche yon doktè imedyatman.
- Evite sèks ak entimite jiskaske yon doktè tcheke w.
 - Raple doktè w la ke viris sa a ap sikile nan zòn nan.
- Evite rasanbleman, sitou si pral gen kontak sere oswa po a po.
- Panse a kontak sere oswa seksyèl ou yo nan dènye 21 jou ki sot pase yo, ki enkli moun ou te rankontre atravè aplikasyon rankont.
 - Yo ka mande w pataje enfòmasyon sa yo pou ede stope pwopagasyon an.

Si oumenm oswa yon moun w ap viv ak li, fè sèks ak li, oswa ou nan kontak ak li gen monkeypox, pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak lòt moun se:

- Evite fè nenpòt kalite sèks.
- Pa bo oswa touche kò youn lòt pandan w malad, sitou nenpòt gratèl oswa maleng.
- Pa pataje bagay tankou sèvyèt, ekipman fetich, jwèt sèks, ak bwòs dan.

Si w ap pran swen yon moun ki gen monkeypox, pran mezi sa yo ka ede w pwoteje tèt ou kont viris la:

- Mete mask ak gan lè ou toupre yo oswa lè w touche litri yo, rad yo oswa drap.
- Lave men ou regilyèman.
- Pratike distans fizik lè sa posib.

Si oumenm oswa patnè w genyen (oswa panse ou ta ka genyen) monkeypox epi deside fè sèks, bagay anba yo ka redui chans pou pwopaje viris la:

- Fè sèks vityèl san okenn kontak an pèsòn.
- Mastibe ansanm nan yon distans omwen 6 pye.
- Fè sèks ak rad ou sou, oswa kouvri zòn kote gen gratèl oswa maleng yo, pou evite kontak po a po.
- Evite bo.
- Lave men ou, ekipman fetich, jwèt seksyèl ak nenpòt twal (litri, sèvyèt, rad) apre w fin fè sèks.

- Limite patnè w yo pou evite chans pou monkeypox pwopaje.

Moun k ap travay nan swen sante, tankou founisè ak pèsone sipò ki ka nan kontak ak moun ki gen monkeypox ak dra oswa atik yo, ta dwe mete ekipman pwoteksyon pèsone pou yo evite ekspozisyon. Yo ta dwe lave men yo regilyèman epi sèvi ak blouz, gan, respiratè N95 oswa pi wo, ak pwoteksyon pou je yo.

Feyè enfòmasyon nan lòt lang yo pral mete ajou anvan lontan.